

PlusOne | Serious Revision

Shona

AVAILABLE
IN LEADING
BOOKSHOPS
ACROSS ZIMBABWE!
or contact us at;
(SBP Book Publishers).
WhatsApp or Call 078 895
4870 071 699 0774
0712 560 870

Grade

6

Revision
Guide



Ellah Mamvura
Maria Mavangira
Prevelege Chigwedere

New Curriculum
With
Answers

PlusOne | Serious Revision

SHONA

Grade 6 Revision Guide

(with answers)

Ellah Mamvura Maria Mavangira Prevelege Chigwedere



ZVIRI MUKATI

Nhanganyaya

Chikamu chekutanga: Zvinotarisirwa pabvunzo	1
Chikamu chechipiri: Rondedzero	1
Chikamu chechitatu: Nzwisiso nepfupiso.....	5
Chikamu chechina: . Mutauro.....	11

Bvunzo

Bvunzo 1	20
Bvunzo 2	28
Bvunzo 3	36
Bvunzo 4	44
Bvunzo 5	52
Bvunzo 6	60
Bvunzo 7	67
Bvunzo 8	73
Bvunzo 9	80
Bvunzo 10	87
Mhinduro	94

CHIKAMU CHEKUTANGA

Zvinotarisirwa pabvunzo

- Kunyora ChiShona chakanaka. ChiShona chakanaka chinenge chisina mutauro wemasanganiswa/ mutaurosiri, Chirungu kana mimwe mitauro kusara kwemazita chaiwo chete evanhу nenzvimbo.
- Kushandisa zvimiso zvakanaka zvakakodzera namazvo.
- Kunyora runyoro rwakanaka rwunodiwa mubumbiro redu.
- Kunyora mhando dzerondedzero dzichatsanangurwa pasi namazvo.
- Kushandisa zvirungamutauro namazvo zvakakodzera uye kugona kuzvitsanangura kana kududzira. Zvirungamutauro zvinosanganisira tsumo, madimikira, nyaudzosingwi, fananidzo nezvirahwe.
- Kuziva zvipandi zvose zvemutauro kusanganisira zviratidza nguva, sungawirirano, uzhinji neushoma, mazwi anopikisana, marevazvimwe, mazwi anoreva zvakawanda nezvimbewo.
- Kupa mazita akakodzera paanodiwa.
- Kuperetera mazwi zvakanaka.
- Kunyora zvinhu zvinogashirika mumutauro weChiShona zvisiri zvinyadzi.
- Kupindura mibvunzo zvakanaka zvakakodzera.
- Kuverenga nyaya vachinzwisia.

CHIKAMU CHECHIPIRI

Rondedzero

Rondedzero inonyorwa pfungwa dzichitevedza sekuitika kwenyaya mundima nhatu kana kudarika. Zvibatanidzi hazvitange mutsara semienzaniso; asi, uye, nokuti, ndokusaka, uyezve. Mienzaniso yerondedzero dzacho yakanyorwa panogumira tsanangudzo.

Mhando dzerondedzero

1. Rondedzero yetsanangudzo

Iyi imhando yechinyorwa chinotsanangura maitikiro akaita nyaya kana mamiriro akaita chinhu ingava, nzvimbo, mhuka, munhu nezvimbewo. Inogona zvakare kutsanangurwa mabikiro echidywa. Inonyorwa ndima nhatu kana kudarika zvichienderana nekurongwa kwepfungwa dzirimo. Ndima dzinoratidzwa nekudarika mitsetse. Mazwi anosvika zana namakumi maviri. Zvirungamutauro zvinoenderana nechinyorwa zvinotarisirwa kunyorwa. Munonyorwa ChiShona chete hamudiwe mutauro wemasanganiswa (slang), Chirungu nezvinyadzi.

Muenzaniso werondedzero yetsanangudzo

Mhuka yandinofarira

Muhupenyu vanhu vanofarira zvinhu zvakasiyana-siyana zvinosanganisira vanhu, zvidyiwa, mhuka nezvimbewo. Pamhuka ndinofarira mombe. Iyi imhuka inochenegetwa nevanhu inobatsira muzvizhinji.

Pane hadzi nehono uye vana vadzo vanonzi mhuru. Vakuru vakareva pavakati moyo muti unomera paunoda sezvo wangu nevazhinji wakamera pamombe. Mhuka iyi inopa nyama inonaka chose kana yakabikwa kana kugochwa. Inenge yaomeswa inonzi chimukuyu.

Kubva mumhou dzinenge dzichiyamwisa munowanikwa mukaka uyo unoiswa musvutugadzike, kudyisa sadza nekugadzira zvakasiyana-siyana. Dehwe remombe hariraswe rinogadziriswa shangu, ngoma, zvitorobho, tyava nezvimbewo zvakawanda. Nyanga dzacho dzinogadziriswa mabhosvo. Pamombe hapana chinoraswa sezvo

5. Detembo

Iyi imhando yerondedzero apo mudzidzi anonyora achidetemba pamusoro pechimwe chinhu semutupo, chekudya, chirwere, mhuka nezvimbewo sekupihwa kunenge kwaitwa musoro. Inonyorwa nemutauro wakadzama une unyanzvi.


Basa rokuita

1. Detemba pamusoro pemhuka yaunofarira.
2. Nyora detembo pamusoro pechirwere dzihwamupengo (Covid 19).
3. Detemba pamusoro pekukosha kwedzidzo.

6. Rondedzero yemifananidzo

Iyi mhando inopihwa mufananidzo kana mifananidzo kuti mudzidzi agadzire nyaya kubva pairi onyora rondedzero yaanopa musoro inoburitsa zviri kuitika. Mifananidzo iyi inogona kunyorwa chero nyaya kubva mairi asi nyaya dzine zvinyadzi hadzigashirike. Inofanira kuva namazwi akakwana, zvirungamutauro pamwe nemutauro wakakodzera.

Muenzaniso:



Kundai ari kuendesa mombe dzababa vake VaTsoko kujana uri musi weChitatu. Munzvimbo yaGambe mavanogara vanoita madzoro emazuva matatu pamphuri yoga yoga. Zuva iri jana raiva kwaVaChimuto.

Mombe dzavo isere. Paari kudziendesa apa anodarika nepakachisango kane miti yakawanda asi hapatyise nekuti panongowanikwa tumhuka twakaita setsuro, mhene netumwe tuduku. Musi uyu akaenda ega nekuti munin'ina wake Kupa akange akabayiwa nemunzwa wemupangara saka gumbo rake raiva richirwadza rakazvimba.

Kuchikoro vakanga vasina kuenda nekuti zvikoro zvaiva zvakavharwa nekuda kwedzihwamupengo raivako. Kuchikoro ari kuita Gwaro reChitanhatu. Amai vake vakamutuma kuti kana asiya mombe kudzoro obva azopfuura nekubindu kwavo achitemha muriwo wekuzobikisa sadza pamwe chete nederere raidiwa naambuya vake vaSoko obva aisa mudhishi.

Pamombe dzavo pane mhou mbiri dzinokamwa mukaka mangwanani oga oga. Umwe wacho vanouisa musvutugadzike umwe vanokodzeka kuti vagodyisa sadza. Kundai anogona zvese kufudza mombe, kudzikama uye kudzibopa. Mukomana akangwara asina unyope.

3. Nzwisiso yerondedzero yetsumo

Kure kwemoso nzeve dzinonzwa

Tanyaradzwa aiva musikana ane tsika dzainwisa mvura achienda kuchechi pamwe nevabereki vake. Apedza gwaro rake reFomu yeChitanhatu akawana nzvimbo yekunodzidza kunyika yeBotswana achibhadharirwa neimwe kambani sezvo aiva abuda zvinogutsa.

Akaonekana nevabereki vake mushure meminamato nekupangwa kwakanaka vachimuonesa magariro aaifanira kunoita. Akavavimbisa kuti anonogara hupenyu hwakachena.

Asvikako, akasvikodzidza zvakanaka achigona chose setsika yake. Nyaya yake yakazotanga kurasi ka paakatanga kutamba nemumwe musikana aiva abva kuMozambique. Shamwari yake iyi yaiva nyanya saka vakatanga kuita misikanzwa yemhando dzose.

Vabereki vaimuchairia nhare pamwe nekunyora tsamba pambozhanhare achingotaura hake sakare. Vanhu vamwe vaienda kuBotswana vaimuona achiita zvisina kunaka. Muraramiro wake uyu wakatanga kupinda munzeve dzevabereki vake. Mazuva ekutanga vaifunga kuti inyaya dzevanhu vane godo.

Baba vaTanyaradzwa vakaronga naamai vake vaende kuBotswana vachibva kuno kuZimbabwe kunozvionera pamhuno sefodya pasina kuudzwa.

Uri musi weChishanu vakafumobata jongwe muromo kunokwira bhazi rekuenda kuBotswana. Pavakasvikako vakasvikokanda mapfumo pasi. Vakangoti, “inga nhai Tanyaradzwa mwana wedu, taiti zvaitaurwa nevanhu inhema. Ichokwadi kuti kure kwemoso nzeve dzinonzwa.”

Mibvunzo

1. Tsanangura tsika dzaTanyaradzwa. [1]
2. Tanyaradzwa aibva kunyika ipi? [1]
3. Chii chakaita kuti tsika dzaTanyaradzwa dzisanduke? [1]
4. Shamwari yaTanyaradzwa yaibva kupi? [1]
5. Munyaya umu mataurwa vanhu vangani? [1]
6. Nyora pfupiso yenyaya yawaverenga mumazwi makumi matatu nemashanu. [5]

4. Nzwisiso yetsamba yebasa

Gondo School

P O Box 93

Mutoko

19 Nyamavhuvhu 2021

Mukuru Wechitoro

Fadzanai Stores

Post Office Box 89

Mudzi

Changamire

CHIKAMU CHECHINA

Mutauro

1. Tsumo

Pamutauro pane tsumo idzo vadzidzi vanotarisirwa kuzadzisa, kutsanangura, kupa dzinoreva zvakafanana, kupa dzinopikisana uyezve kupa dzinoenderana netsanangudzo yapihwa.

Mienzaniso yetsumo;

- Kakara kununa kudya kamwe.
- Yapinda kamwe haiteiwi.
- Kufanana vhudzi handi hukama.

Zadzisa tsumo idzi.

1. Kure kwegava _____.
2. Mwana washe _____.
3. Nhumbu mukadzi mukuru _____.

Tsanangura tsumo idzi.

1. Gavi rakabva kumasvuuriro.
2. Ane ganda ane nyama hazvienzane neakabata hohwa.
3. Kutaura kweabaya kuti chiropa hachiseveswe.

Ipa tsumo dzakafanana nedzinotevera.

Muenzaniso:

Gavi rakabva kumasvuuriro.

Mbudzi kudya mufenje hufana nyina.

1. Totenda yavira tsambakodzi yedemhe.
2. Charova sei chando chakwidza hamba mumuti.
3. Chembere mukadzi hazvienzani nekurara mugota.

Ipa tsumo dzinopikisana nedzinotevera.

Muenzaniso:

Husahwira hunokunda hukama.

Hukama haugezwe nesipo setsvina.

1. Mbeva zhinji hadzina marishe.
2. Kutaurirwa hunyimwa ziso rinokunda anzwa.

Ipa tsumo inoenderana netsananguro yakapihwa.

1. Mai Tsone vaipota vachitaura zvakashata pamusoro pevamwe vavaigara navo pamba pavaigara. Kana zvobvunzwa vaigona kunzvenga nyaya idzi. Rimwe zuva ravakazotaurwa naMai Chipikiri vakarwadziwa zvekuti ndokusaka vakuru vakati, dindingwe rilonaka richakweva rimwe asi kana rokwevewa roti mavara angu azara ivhu.

(e) Mavara makuru

Mavara makuru anonyorwa panotangira chirevo, pamazita chaiwo kana paruremekedzo. **Muenzaniso:**

- (a) Takaenda kwaMutoko naVaZiso naAmai Chimusoro uri musi weChina nebhazi rekwaGwadzi.
- (b) Munzvimbo maSabhuku Bhunu mune gomo rionzi Goto rinotyisa.
- (c) Chikoro cheHwande chiri munzvimbo yeGezi.

Isa mavara makuru pakakodzera.

1. vanhu vazhinji vemuzimbabwe vanonamata mwari vari muchechi dzakaita semethodist, anglican nesalvation army.
2. nyaya yamunyaradzi yakatongwa namambo gutsa kumudzi musi wa6 mbudzi.
3. rwizi rwesango rwuri mubhuku rasabhuku muti harwupi.
4. nzvimbo dzinoti zengeza nest marys dziri kuchitungwiza.
5. mukuru wechikoro chedu chehama vanonzi mai gumbo, mutevedzeri wavo ndavachuma.

(f) Zviperengo

Zvinonyorwa zvichibatanidza nzvanyira nenzovera zvogadzira mutinhimira **b + a = ba; dh + e = dhe;** **tsw + a = tswa** saka chiperengo kana chisina nzvanyira nenzovera imwe, mbiri, nhatu kana ina chinenge chakashata.

7. Zviito

Aya mazwi anoratidza kuitika kwechinhu sokuti; **Musikana akamhanya/ Mwana akachema.** **Mudzimai akadzvura mhunga/ Baba vakatema huni.** Chirevo chacho chinenge chiine muiti nezvaaita. Zvirevo zvine zviito zvinofanira kuva nesungawirirano yakakodzera sokuti **Vana vakaimba** kwete kuti **Vana akaimba.**

8. Mazwi anoreva zvakafanana

Aya mazwi anobva kumitauro yeChiShona yakaita seChiZezuru, ChiManyika, ChiKorekore, ChiKaranga kana ChiBuja sokuti;

- chibage magwere mabarwe
- nzungu matere
- mabura madima mbambaira

Ipa mazwi anoreva zvakafanana neakapihwa.

1. bundo
2. sanhu
3. mbiri
4. ngwena
5. besa
6. nyatwa

9. Mazwi anopesana

Aya mazwi anopikisana kureva kuti anotaura zvisingapindirane sokuti; mutema - muchena, mukobvu - mutete, tsikombi - tsvimborume, rakaibva – mbishi.

ZIMBABWE GRADE SIX EXAMINATIONS

CHISHONA

PAPER 1: Multiple Choice

704/1

SPECIMEN PAPER

1 hour 30 minutes

Nguva: Awa rimwe nemaminitsi makumi matatu.

MIRAIRO KUVANYORI

1. Verenga mirairo yebvunzo usati wanyora.
2. **Usavhura** bepa rebvunzo usati wapiwa mvumo.
3. Shandisa penzura yemhando ye**HB** chete pane zvoze zvauchanyora pabepa rekupindurira mibvunzo.
4. Kwizira **chibhokisi chimwe chete chinomirira** mhinduro sezvakaitwa pamucherechedzo uri pamusoro pebepa rokupindurira.
5. Kana waona kuti wakanganisa, **dzima zvipere zvoze** wozokwizira pane mhinduro yakanaka.
6. Ukakwizira mabhokisi maviri kana kudarika unenge watadza.
7. Kana **usina kunzwisia mirairo iyi, bvunza mudzidzisi** akutsanangurire usati watanga kunyora.
8. Pindura mibvunzo **yose** pabepa rekupindurira mibvunzo.

ZIMBABWE GRADE SIX EXAMINATIONS

CHISHONA

PAPER 2: Rondedzero neNzwisiso

704/2

SPECIMEN PAPER

1hour 45 minutes

Nguva: Awa nemaminiti makumi mana nemashanu.

MIRAIRO KUVANYORI

1. Verenga mirairo yebvunzo unzwisise usati wanyora.
2. Usavhura bepa rebvunzo usati wapiwa mvumo.
3. Shandisa chinyoreso che**Blue** kana **Black** pane zvose zvauchanyora pabepa rekupindurira mibvunzo.
4. Nyora zita rako, nhamba yenzvimbo yauri kunyorerera nenhamba yako pabepa rega rega rokupindurira.
5. Pindura mibvunzo neChiShona chakanaka pabepa rekupindurira mibvunzo.
6. Unotarisirwa kutora **awa** rimwe chete pachikamu chokutanga uye maminitsi makumi mana nemashanu pachikamu chechipiri.
7. Pindura mubvunzo **mumwe chete** pachikamu chokutanga ugopindura **yose** pachikamu chechipiri.
8. Kana ukashandissa mapepa maviri kana akawanda emhinduro, unofanirwa kuasunganidza pamwechete.
9. Kana **usina kunzwisia mirairo** iyi **bvunza** mudzidzisi akutsanangurire usati watanga kunyora.

GRADE 6 EXAMINATION PRACTICE 1

CHISHONA 704/1

PEPA 1

NGUVA: AWA NEMAMINITSI MAKUMI MATATU

MIRAIRO KUVANYORI

- Verenga mirairo yebvunzo usati wanyora.
- Pindura mibvunzo yose pabepa rekupindurira mibvunzo.

VERENGA NYAYA IYI UGOPINDURA MIBVUNZO INOTEVERA.

Zuva rakazosara roti vhoo kubuda ndatosunga twangu ndamira negumbo rimwe. Rwendu rwangu rwokuenda Marondera rwainge rwasvika. Ndaigarovimbisa naMbuya Tigere vandaigara navo kuti ndaizofanira kупедзера zororo rangu kuna vatete veMarondera. Mbuya vakasenga katsapo kangu kaive nembatya pamwe nembuva yokuzodya parwendo, takananga kuchiteshi.

Kwapera kanguva kanenge kubwaira kweziso, dutavanhu rakanzwika kuzhamba rokwidza makata eZongoma. Vanhu vaive pachiteshi vakati dzvamu mumwe nemumwe achiguguchira twake. Mbuya vangu vakatangazve kuraira zvavainge vambotaura, “Kana wazosvika Tafara, ugotichaira runhare.” Handina kuzogona kuvadavira nokuti ndainge ndototsokotedza kupinda mubhazi.

Mukokeri waManzunu akagovapakicha vanhu kusvika pasisina pokuisa rutsoka. Vamwe vaive vagere asi ruzhinji rwainge rumire rwakatarisa kudivi kune mutyairi. Mari dzebhazi dzakabhadharwa, vanhu vachingosundana. Zvidhakwa zvaive mukati zvakatanga kuimba mutyairi akati oita manyukunyuku. Nenguva isipi, rainge rapota mitunhu yakati kuti rakananga Harare. Takazoti toavarira Nharira, mudzimu wakadimbura mbereko. Kwakaita twukomana twainge twakazadza ngoro nemadhongi matatu asina wakatungamirira, Bhazi rwakasvika richipinda mungoro iyi sezvo painge pakapotereka nechikomo. Pakaita kutinhira kukuru. Ini ndakazokaruka ndaona madhongi apinda mubhazi nekumagirazi emberi.

Chiriporipotyo bhazi rakazengezeka nekuti mamwe mavhiri ndaiaona achimhanya mberi. Rakapunzika nedivi rakachinjika gomba raivepo. Hana yangu yakarova ndokunzwu sendadirwa mvura mumusoro izvo raive ropa raikopota nematama angu. Ndakamboti ziro ndakadaro, ndokuzonzwa mazwi evanhu vaiudzana zvokuita ndikaziva kuti painge pauya vanobetsera. Mazwi andakapedzisira kunzwu ndeekuti, ‘Torai ivavo vanomwe vanoratidza kuti vapenyu kusanganisira mukomana akazara ropa kumeso uyo, vaende kuchipatara.’ Kureva kuti bhazi rose rainge raparara.

Ndakazodzidziuka ndakombwa navanachiremba ndichiedza kubatanidza zvainge zvaitika.

1. Ndiani ari kupa nhoroondo munyaya iyi?
A. Manzunu B. Tigere C. Mbuya D. Tafara
2. Tafara aiendepi?
A. kuHarare B. kuMarondera C. kuNharira D. kuZongoma
3. Ndiani aishanyirwa naTafara?
A. Ndimbuya B. Twukomana C. Manzunu D. Ndite

VERENGA TSAMBA INOTEVERA UGOPINDURA MIBVUNZO.

Gondo Primary School

Private Bag 0421

Mwenezi

10 Bandwe 2021

Kwauri Maikoro

Ndine mufaro mushoma muzukuru ndichikunyorerera tsamba iyi. Ugere hako mudhorobha uchidya uchiguta, ini mbuya vako uchawawana ndadyiwa nemakora musha wava dongo.

Ndakatadzeizve nhai Siwani, kurera munhu imhosva here? Ucharangarira basa randakabata pakashaika vabereki vako, pauri here? Nemhaka yei ndichiita sekuti ndakarera mhuka. Vana vevamwe vanorangarira vabereki vavo asi ini ndinoita sendakarera gudo.

Marovero ako ane zvaanoreva, kuda une zvawakashora pamabatiro andakakuita, asizve tondera zvakanaka zvandakaita kusanganisa kubika doro, kukuya dovi nekusakura miminda yevanhu cuti uende kuchikoro. Sadza waidya wani. Une musi wawakambovata nayo here? Zvino chii chaizvo chinokudaro iwe?

Dai wakaroora ndaiti zvimwe mukadzi wako haadi kundiona, anenge ari iye anokusvipira mate. Unoregerei kutevedzera vana vokwaJeke vaunogara navo. Mwedzi woga woga vanouya kuzoona vabereki vavo chero vasina chavanacho. Patsika dzeChiShona kana munhu rava jaya sewe, unofanira kufambira ndufu uchibatawo maoko. Kubva pashaika mukoma wangu, nerwako rutsoka ugere kana kusvika kuno. Iyezvino pava nemitumbi mina iri pasi kana shoko. Uchavigwa naniko iwe?

Ino ndiyo tsamba yangu yokugumisira kutaura newe, ukandinzwazve ndichiti chakati undivhunze. Ndinovimba vabereki vako vakamuka vanoita cuti ushaye hanya kudaro. Kana ndafa ukawana unokuudzawo nezverufu rwangu, pangu paguva usatsike. Mhorosa vaunofara navo.

Vanoshushikana

Mbuya Kubvoruno

15. Mbuya Kubvoruno vaigarepi?

- A. Harare B. Mudhorobha C. Mwenezi D. Kumaruwa

16. Ukama hupi huri pakati paVaKubvoruno naMaikoro?

- A. Mukoma nemunin'ina B. Sekuru nemuzukuru
C. Mbuya nemuzukuru D. Baba nemwana

17. Vanhu vane chidawo cheSiwani vanoerei?

- A. Shiri B. Nzou C. Shumba D. Churu

18. Maikoro anofananidzwa nemhuka ipi?

- A. Gora B. Dongo C. Bere D. Gudo

19. Zvinorevei cuti 'kusvipira mate' semashandisirwo azvakaitwa mundima?

- A. Kutsamwa B. Kunyengerwa
C. Kurairwa D. Kugodoka

PEDZISA NENYAUDZOSINGWI INOKODZERA.

34. Mazino aRudo akati _____ kuenzana.
A. twii B. nziki C. chechetere D. weke

35. Mwana wakati _____ kuvata parupasa.
A. rakata B. tende C. ware ware D. rabu

PEDZISA SEMATAURIRO EDU.

36. Tinomhorosa munhu apona mwana tichiti

A. nedzinoparadza. B. chishava pavarume.
C. nemakorokoto. D. titambire.

37. Mai vanogashira mwanasikana auya nesvinga rehuni vachiti

A. chapopo. B. titsike usimbe. C. vabasa. D. tigashire.

38. Sarudza chirevo chakanyorwa zvakanaka.

A. Sarudzai anofarira kudya nyama, nyemba, nemupunga.
B. Sarudzai anofarira kudya nyama nyemba nemupunga.
C. Sarudzai anofarira kudya, nyama, nyemba nemupuga.
D. Sarudzai anofarira kudya nyama, nyemba nemupunga.

39. Gore rino takakohwa chibage tikachiisa

A. mudyanga.
B. mundyanga.
C. mundahanga.
D. munganga.

40. A. “Ndarumwa ruoko!” Chipo akadanidzira.
B. “Ndarumwa ruoko,” Chipo akadanidzira.
C. “Ndarumwa ruoko?” Chipo alkadanidzira.
D. “Ndarumwa ruoko, Chipo akadanidzira.”

GRADE 6 EXAMINATION PRACTICE 1

CHISHONA 704/2

PEPA 2

NGUVA: AWA NEMAMINITSI MAKUMI MANA NEMASHANU

MIRAIRO KUVANYORI

- Pindura mibvunzo neChiShona chakanaka pabepa rekupindurira mibvunzo.
- Unotarisirwa kutora awa rimwe chete pachikamu chokutanga uye maminitsi makumi mana nemashanu pachikamu chechipiri.
- Pindura mubvunzo mumwe chete pachikamu chokutanga ugopindura yose pachikamu chechipiri.

CHIKAMU CHEKUTANGA: RONDEDZERO (MAMAKISI 20)

Sarudza musoro mumwe chete pane inotevera. Zvino chinyora muChiShona chakanaka, ronderdedzero kana hurukuro ine mazwi **zana nemakumi maviri**. Ukarudza tsamba, mutumbi wayo ngauve nemazwi **zana nemakumi maviri**.

1. Nyora ronderdedzero pamusoro penjodzi yawakasangana nayo.
2. Nyora hurukuro pakati pemukuru wechikoro nemwana wechikoro ane misikanza yaenderera.
3. Tsanangura kukosha kwekugara kumaruwa kuchienzanisa nokugara mudhorobha.
4. Nyora mhan'arwa kumukuru wechikoro maringe nevana vaita misikanza pachikoro yokutora zvinodhaka.
5. Nyora tsamba wakamiririra vana vepachikoro chenyu kumukuru wenzvimbo inoyevedza yamunoda kuzoshanyira uchibvunza zvinotarisirwa kuvashanyi.

CHIKAMU CHEREPIRI: NZWISO (MAMAKISI 10)

VERENGA NYAYA INOTEVERA UGOPINGURA MIBVUNZO YAKAPIHWA NEZVIREVO ZVIZERE.

Dzihwamupengo (Corona virus Disease 2019) chirwere chadengenyesa pasi rose. Vakaongorora nezvechirwere ichi vanoti chakatangira kunyika yeChina kumhiri kwemakungwa. Munzvimbo idzi vanhu vaita mukata mukata vachifa mazana nemazana nechirwere ichi.

Hachina kutora nguva refu kutekeshera pasi rose kubudikidza nokushanyirana kwevanhu kune dzimwe nyika vachibhururuka nendege. Izvi zvinoreva kuti mukudzoka kwavo vanenge vatotatapurana nechakati tende. Kuzosvika kunyika kwavabva vatouya nembeu chotandira sedandemutande. Vakachiongorora vanoti chinonyanyisa kuparadza nhengo dzomukati momuviri, kutemwa nomusoro, kusosonwa pahuro, mabayo, kufemera pamusoro, kuzarirwa uye kunzwa kutsva mumuviri wose uye munhu haunzwi kunaka kwezvokudy.

Chinopomeranwa nyore nyore, zvinoreva kuti ukaswedera pedyo neanorwara nacho unenge wazvipa nhaka. Kumhorosa munhu noruoko, kuungana panzvimbo imwe, kukosora nekuhotsira usina kuvhara muromo, kungorasira pose pose mamasiki, magirovhosi nezvivimwe zvinenge zvashandiswa pamuromo, ndidzo dzimwe nzira dzekuparadzira nadzo chirwere ichi.

Covid-19 haina kungouya ichiparadza utano hwevanhu chete asi kunyonganisa kudyidyana kwenyika dzepasi rose, magariro evari munyika mavo, mafambire, dzidzo muzvikoro nemabasa. Dzihwamupengo rakauya richizoparadzawo chimiro chenyika imwe neimwe kusanganisira tsika nekagariro evanhu semuenzaniso wevafa vanovigwa nechipororo chevanhu ivo VaShona vachikoshesa kuungana senzira yekunyaradzana nevarasikirwa.

Chakaipira kuti chinouya nematanho anokwirira kubva pane rokutanga, nokudaro vanamazvikokota vezveutano vari mushishi rokuchitsvakira mishonga wokuchirapa asi nanhasi hapana chinobatika chabuda. Kudzikisa kupararira kwacho, vanhu vanokurudzirwa kusangofamba kune dzimwe nzvimbo kana kubudikidza nokusaungana, kusamhoresa noruoko, kusambundikirana, kukosorera muzvimucheka kana mugokora, kurasisra zvashandiswa munzvimbo dzakachengetedzeka uye kugara uchigeza maoko nemvura inesipo, kuzora mushonga unouraya utachiona mumaoko nguva nenguva. Vanhu vari kubaiwa jekiseni rokudzivirira Covid-19 uye kupfeka masiki pamuromo pamwe nekufukira zumbani rakafashaidzwa mumvura. Covid-19 chirwere chakandisa vanhu vepasi rose mapfumo pasi.

Mibvunzo

1. Chii chashungurudza vanhu pasi rose. [1]
2. Ipa nyaudzosingwi inoratidza kuti vanhu vaifa vakawanda. [1]
3. Chirwere ichi chakasvika kune dzimwe nyika sei. [1]
4. Kunze kokuuraya vanhu ndechipi chimwe chezvinhu zvakonzerwa nedzibwamupengo? [1]
5. Ipa mhando imwe yokudzivirirwa kweCorona Virus Disease 2019. [1]
6. Nyora pfupiso ine mazwi makumi matatu nemashanu uchijekesa maparariro, zviratidzo, kudzivirirwa uye zvinokonzeresa nedzibwamupengo. [5]

GRADE 6 EXAMINATION PRACTICE 2

CHISHONA 704/1

PEPA 1

NGUVA: AWA NEMAMINITSI MAKUMI MANA NEMASHANU.

MIRAIRO KUVANYORI

- Verenga mirairo yebvunzo usati wanyora.
- Pindura mibvunzo yose pabepa rekupindurira mibvunzo.

VERENGA TSAMBA INOTEVERA UGOPINDURA MIBVUNZO INOTEVERA.

Biravira School

Private Bag 9047

Hurungwe

16 Chikunguru 2021

Mukuru wechikoro

Ndini Secondary School

Post Office Box 87

Mvuma

Vanodiwa Mukuru wechikoro

DONZVO: KUTSVAKA NZVIMBO YEFOMU YOKUTANGA

Ndanyora tsamba ino kwamuri ndichitsvakawo nzvimbo yefomu yekutanga muna 2022. Ndiri musikana ane makore gumi nerimwe okuberekwa. Ndinodzidza pachikoro chine kero iri pamusoro. Pazvidzidzo zvangu zveGwaro ReChinomwe ndakabudirira zvinofadza. Handina kana chimwe chidzidzo chandakaita maunitsi maviri pazviri zvose. Ndini ndakakunda vana vose vaive muRugwaro rweChinomwe mugore ra2021.

Ndakanzwa mukurumbira wekudzidza kunoitwa pachikoro chenyu. Ndakapafarira nokuti panoitwa zvidzidzo zvakawanda-wanda kusanganisira zvekurima inova ndiyo nhumba yangu. Shamwari yangu yakadzidza ipapo yakandiudza zvose nemitemo yakasimba inopiwa kuvana ivo vachibudirira zvine mutsindo. Izvi ndizvo zvinofarirwa nambuya vangu zvekuva nemutemo. Wakandiudzazve Tariro kuti panoitwa mitambo yose zvayo. Apa ndingapire shavi nokuti ini ndakawana mibairo yakawanda kumitambo yandinoita kusanganisira bhora nekumhanya.

Kukunda kwandakaita zvidzidzo zvangu, zvakapa tete vangu vari mhiri kwemakungwa manyawi vakavimbisa kundibhadharira mari yechikoro kusvika ndapedza zvidzidzo zvangu zvepamusoro. Izvi ndizvo zvakandidenza kusarudza pachikoro penyu panodzidzidza zvine mbiri kuti ndirege kuzovanyadzisa mangwana ndakundikana pazvidzidzo zvesekondari.

Ndinofarira zvekare kutungamirira makirabhu anoitwa pazvikoro nokuti pachikoro pedu paBiravira ndaive mukuru weboka rinoita nezvekutamba nziyo dzechinyakare, mitambo yepasichigare neboka rekwizi. Ndingangoti ndinokwana pazvose zvangu.

DUDZIRA UCHIPA MITUPO KUZVIDAO IZVI.

12. Vanhu vane chidao cheMazvimbakupa vaera
- A. Gumbo. B. Tembo. C. Dziva. D. Mhara.
13. Vana Bvumavaranda vanhu vemutupo we
- A. Moyo. B. Shumba. C. Gwai. D. Majuru.

ZADZISA TSUMO DZINOTEVERA.

14. Kumedza bhonzo
- A. hushaye nyama. B. huvimba nehuro.
- C. kutya kупедзерва. D. kuva nemadyo.
15. Isimba kaviri
- A. homwe inorema wasvika. B. ishe kukura nekuwandirwa.
- C. kurwa nemukadzi weasipo. D. nhundu inorema wasvika.

VERENGA RUNGANO RUNOTEVERA UGOPINDURA MIBVUNZO ZVIZERE.

Sekuru Gumunu mutana aifariwa nepwere dzenharaunda yekwaJena. Vaivafadza nokuvaitira ngano dzinodzidzisa. Zuva richangonyura vaivesa moto wenzeve dzetsuro pwere dzokomba choto dzichiitirwa ngano cuti dzisavate zvekudya zvemauro zvichigadzirwa.

Kare kare madhongi achine nyanga, paive nemamwe madzimai maviri akaenda mudondo kunotsvaga howa. Iri raive zuva ravo rokutanga kupinda mudondo rainzi Ziendanakuenda. Raiwanikwa marudzi ose ehowa, mhuka nemichero. Chaishamisa pariri wainge usingaoni kwarinobva nekwarinoenda. Gore rega rega dondo iri raioneckwa richipfuta moto panguva dzechirimo. Izvi zvaireva cuti dondo iri raiyera. Vanhu vaisatenderwa kudomatoma twakawanda vari mukati maro. Ishe vedunhu iri vaigarodzidzisa vanhu vavo cuti vaisafanirwa kufamba mukati maro kana vasingazivi nzira dzemo. Ava vakadzi vakaisa zvitanda munzeve, ndokubva vaenda.

Vakapinda mudondo nguva dzerudziyamushana nematengu avo. Varimo vaifamba vachitsoropodza zvavaiona zvinoshamisa nokusvora howa hwainge hwadada hwagarisa kwenguva refu. Vaitaurawo kunaka kana kushata kwemichero yavaisangana nayo. Vakasvika pakusanzwisisa marudzi ehowa hwavaiona, kwavakanga vabva uye kwavaienda, zvoreva cuti vainege vabatwa nechadzimira (chadzera). Vainege vongotanha chero howa hwavaona vachiisa mumatengu avo. Howamupengo ndihwo hwainge hwakawanda mutswanda idzi.

Nguva dzadyana madzimai awa zvino aive ongotenderera padenhene ravainge vasvika pariri masikati makuru. Miromo zvino yainge yachiti chesu kuchena nenzara. Vaisaziva cuti vari kungodzokorora pavambofamba napo. Zuva rakapinda muna mai varo kusvikira kwasviba vachingovamo.

Vana vavo ndivo vakazomhanya kwamambo kunovazivisa cuti vabereki vainege vasina kudzoka kuhowa. Mambo akatuma machinda ake kunotsvaka. Vakavawana vakakwira mumuti vachitya mhuka dzaifamba usiku ihwohwo. Vakazoendwa navo pamberi pedare vakabatiswa makuku. Ndipo pakafira sarungano.

16. Kare ngano dzaiitirwei?
- A. Kuvhundutsira vana B. Kudzidzisa nekuvaraidza
- C. Kuratidza cuti munhu akwegura D. Kumirira cuti zvokudya zvibikwe

VERENGA NYAYA IYI UGOPINDURA MIBVUNZO INOTEVERA.

Muno munyika vanhu vari kurarama kubudikidza nezviitwa zvakasiyana-siyana. Vanhu vaya vanoti dzidzo ndiyo chete inopa upenyu vari kurarama upenyu hwekupambara sehuku.

Kushandisa maoko kwadzika midzi kuvanhu veganda dema. Vanhu vanotengesa vakawandisa nokudaro vanhu vanopedzisira vashambadza zvavanenge vachiwana kuti vazviwanire mari yakawanda. Kana kuri kurima, kwapa vanhu voruzhinji upenyu kunyanya mwaka wapfuura wakaitiwa timba ugute, mvura ikarova pasi. Matura anochengerwa zvokudya munyika akazara kushaya pokuisa. Varimi vari kuita makwikwi kuendesa mbeu dzavo. Vasvikako kunotengwa mbeu, vari kupiwa mibairo zvekare weimwe mbeu nefetiriza zvovapa shungu dzokugadzirira zvekare ramangwana ravo.

Hazvigumiri pakurima koga, vamwewo ndevanochengeta huku dzose, dzemazai nedzenyama. Nguruve, hove, tsuro, mombe nembudzi haupedzi munyika muno. Zvokutengeserana zvava padanho rapamusoro vanhu vachiwana kurarama. Chakaipa usimbe nokuti haudyiwi. Chero iyo nyika yedu chaiyo inowana mari kuburikidza nokushanyirwa nedzimwe nyika dzichibhadhara mari kunzvimbo dzinoyevedza. Vashanyi vakabvawo kunyika dzavo vakaona zvavasina, vanosvikotengawo zvavanoda muno tichibetserana kuwanisana mari. Isuwo senyika tichiita zvime chete nokuti chindiro chinopfumba kunobva chimwe. Ndiwo mararamire ari kuita nyika zhinji nokuti umbimbbindoga hauna kunaka mangwana unozoshayawo.

Zvakakosha kuti panobata vamwe, munhu ngaashangazhikewo kuti asazova dambudziko munyika, woratidza kuregererwa izvo uriwe wakazviregerera.

29. Vanhu vazhinji vari kurarama nei?

- A. Nembeu nemaftiraiza.
- B. Nekushandisa maoko.
- C. Nekupambara sehuku.
- D. Nedzimwe nyika.

30. Voruzhinji vakaguta pamwaka wapfuura nemhaka yei?

- A. Vakaita zvemakomba mvura ikanaya pakaita goho guru.
- B. Vaiita mushandirapamwe pane zvokutengeserana.
- C. Vakatora kumatura ehurumende.
- D. Vakaenda kunze kwenyika.

31. Kunze kokurima ko, vamwewo vari kurarama sei?

- A. Nokutengesa zvipfuwo zvavanochengeta
- B. Nokuita usimbe
- C. Nokukumbira
- D. Nokurima.

32. Ipa rimwe izwi rinoureka usimbe.

- A. umhare
- B. unyope
- C. hurudza
- D. umhizha

33. Kuva dambudziko zvinorevei?

- A. Kushanda zvakaomarara.
- B. Kugara uchituka vamwe.
- C. Kukundikana kuzvibetsera kana kuzvimiririra.
- D. Kudya nhoko dzezvironda.

34. Ipa nzvimbo imwe inoyevedza inounza mari muZimbabwe.

- A. Masvingo eDzimbabwe
- B. Nzizi
- C. Mapurazi
- D. Musika weMbare

IPA HONO YEMHUKA DZAKAISWA MUTSETSE PASI.

35. Mboyi igudo rino famba mberi kwamamwe.

- A. Rushiye
- B. Horomba
- C. Mberera
- D. Maidei

36. Mhou yangu ipfunabu.

- A. Njeni
- B. Mukono
- C. Handira
- D. Bhuru

37. Nhunzvi yangu yakadyiwa negudo.

- A. Horomba
- B. Jongwe
- C. Gondobwe
- D. Nhongo

SARUDZA CHIREVO CHAKANYORWA ZVAKANAKA.

38. A. Mushandira pamwe unobatanidza vanhu.

- B. Mushandirapamwe unobatanidzavanhу.
- C. Mushandirapamwe unobatanidza vanhu.
- D. Mushandirapamwe unobatanidzavanhу.

39. A. Murume uyu ane mesomeso.

- B. Murume uyu ane meso-meso.
- C. Murume uyu ane meso meso.
- D. Murume uyuane mesomeso.

40. A. Mushamba richakwata naSwerakuenda mukwasha wezuva vanowirirana.

- B. Mushamarichaakwata naSwerakuenda Mukwasha Wezuva vanowirirana.
- C. Mushambarichakwata naSwerakuendamukwashawezuva vanowirirana.
- D. MushambaRichakwata naSwerakuendaMukwashaWezuva vanowirirana.

GRADE 6 EXAMINATION PRACTICE 2

CHISHONA 704/2

PEPA 2

NGUVA: AWA NEMAMINITSI MAKUMI MANA NEMASHANU

MIRAIRO KUVANYORI

- Pindura mibvunzo neChiShona chakanaka pabepa rekupindurira mibvunzo.
- Unotarisirwa kutora awa rimwe chete pachikamu chokutanga uye maminitsi makumi mana nemashanu pachikamu chechipiri.
- Pindura mubvunzo mumwe chete pachikamu chokutanga ugopindura yose pachikamu chechipiri.

CHIKAMU CHEKUTANGA: RONDEDZERO (MAMAKISI 20)

Sarudza musoro mumwe chete pane inotevera. Zvino chinyora muChiShona chakanaka, ronderdedzero kana hurukuro ine mazwi **zana nemakumi maviri**. Ukasarudza tsamba, mutumbi wayo ngauve nemazwi **zana nemakumi maviri**.

1. Rondedzera pamusoro pemunhu ane mukurumbira mudunhu menu.
2. Nyora tsamba kushamwari yako uchiikoka kuti izopedza zororo rekisimusi kunzvimbo yaunogara.
3. Nyora ronderdedzero pamusoro pedenda rashungurudza vanhu munharaunda menu.
4. Nyora mhan'arwa kumukuru wemapurisa uchitsanangura maitikiro etsaona yakafira vana vatatu mumvura.
5. Nyora hurukuro pakati pemurwere nachiremba vari pachipatara.

CHIKAMU CEPIRI: NZWISO (MAMAKISI 10)

VERENGA NYAYA INOTEVERA UGOPINGURA MIBVUNZO YAKAPIHWA NEZVIREVO ZVIZERE.

Vakuru vanotaura kuti ukachirera mangwana chinofuma chokurerawo zvisinei nokuti mwana wawakazvara kana kwete. Kuita zvakanaka kune mubairo.

Rukudzo akatozoziva kuti mai vaimuchengeta vaisava vake ave nemakore gumi nemasere okuberekwa. Zvose zvokuti mai vakamuzvara vakamuisa musaga vakamukanda mugomba remarara epachipatara munguva dzerufuramhembwe akatozoita zvekuudzwawo. Mukupedza kuita izvi vanonzi vakabva vatiza ndokuyambuka Limpopo, vakananga kunyika yamaZulu. VaMuchena ndokumuchengeta.

VaMuchena vaimubata semwana wavo. Hazvina kuafadza kunzwa kuti Rukudzo waronderdedzerwa upenyu hwake hwose nambuya utano, muvakidzani wavo aiva ava pamudyandigere panguva iyi. Vakamupa nhoroondo yake yose sekuziva kwavo nokuti vaishandira pachipatara pakazvarirwa mwana uyu pamwe chete nokurashiwa kwake. Paakada kuziva baba vake vakamuudza kuti vaise vasingazikanwi. Mwana akaswera akaunarara, hwaisava upenyu hwake. Vanhu vaimuyemura nokuda kwokusungunuka kwake asi zuva iri masamba ainge asiyana.

VaMuchena, mai vaimuchengeta, vakapedza nguva refu vachitaura naye nokuti ainge ogara asina mufaro. Pfungwa idzi dzakazodzimwa ava nomufaro nokuti ainge awana nzvimbo yokuenda kuyunivhesiti kunoita

GRADE 6 EXAMINATION PRACTICE 8

CHISHONA 704/1

PEPA 1 NGUVA: AWA NEMAMINITSI MAKUMI MATATU

MIRAIRO KUVANYORI

- Verenga mirairo yebvunzo usati wanyora.
 - Pindura mibvunzo yose pabepa rekupindurira mibvunzo.

VERENGA NYAYA IYI UGOPINDURA MIBVUNZO INOTEVERA.

Mamiriro ekunze ava kushanduka zvinoomesa mate mukanwa. Kana kopisa kunobva kwapisisa, kana kotonhora chirega uone haikona kutaura, kunotonhora zvekubva kwakwidza hamba mumuti. Chizoona kana yonaya iwo mabanana'ana, ungati imvura iyoyo kuwanda, anenge atori mafashama chaiwo. Midziyo, zvirimwa mhuka, miti navanhu chinosara chinenge chiine mudzimu wacho.

Mwaka yegore iri kushanduka nguva nenguva zvichikonzerwa nesu vanhu kunyanya. Vanhu havasi kusiyana netsika yekutadza kuchengetedza zviwanikwa zvakaita semiti, uswa nemhuka. Varimi vefodya kunyanya ndivo vanotema miti yekupisa nayo fodya yavo zvinova zvinokonzenza magwenga munharaunda. Kupisa masango ndiro rimwewo dambudziko rinoita kuti zvinhu zvishanduke sezvazvava.

Makambani vanowanikwa vachipisawo mishonga inokachidza iyo inobva yanoondonga jira redenga rinotidzivirira kubva mukupiswa nezuva. Vanoona nezvemamiriro ekunze vanoti hunhu hwakaita seuhu hukaramba huchiitika mvura ichatadza kunaya zvachose. Kusanaya kwemvura kunokonzera nzara pasi rose. Kana nzara yavako zvava kuita kuti vanhu varasikirwe neupfumi hwenyika. Matambudziko acho anoramba achitsidzana.

Zvakakosha kuti isu vechidiki tichiri kutemwa dzinobva ropa tidzidzise vakuru nevadiki vanotevera kukosha kwekuchengetedza zvisikwa nemamiriro ekunze.

13. Zimbabwe ine mukurumbira wei?
A. wevanhu B. miti C. zviwanikwa D. michero
14. Ngoda inowanikwa kipi muZimbabwe?
A. Harare B. Mutare C. Chipinge D. Hwange
15. Mhangura inowanikwepi munyika muno?
A. Harare B. Mutare C. Mhangura D. Hwange
16. Chii chakanakira kuchengetedza zvicherwa zvedu senyika?
A. Tinowana mari yekunze. B. Tinorima chibage.
C. tinoona pasi rose. D. Tinowana kwekuswera.
17. Vanhu vapi vanzi vanowana budiriro kubva muupfumi hwenyika?
A. vadzidzisi B. madhumeni
C. vanhu vese venyika D. vanhu vekunze kwenyika
18. Mari yekunze kana yapiwa kunyika yeZimbabwe, zvanzi inotenga chii chakanakira nyika?
A. chibage B. mafuta endege nedzimotokari
C. zvinonaka D. ndege
19. Mhangura inogadziriswei munyika?
A. chingwa B. simbi C. machira D. mbeu
20. Ninga dzine mukurumbira dzinowanikwepi munyika?
A. Chipinge B. Harare C. Chinhoyi D. Hwange.

MIDZIYO NEMABASA AYO.

21. Marasha anocherwa kuHwange anoshandiswei munyika yedu?
A. Kugadzira migwagwa B. Kubika magetsi
C. Kugadzira simbi D. Kugadzira midziyo yemumba

IPA IZWI RINOREVA ZVAKAFANANA NERAKANYORWA NEMAVARA MAKURU.

22. Nadakasvika sekuru vakagara PACHITURO chavo.
A. chigwidzi B. pabonde C. chigaba D. bhenji

NYORA IZWI RINOPIKISANA NERAKATARWA PASI.

23. Vaenzi vakabva yakabuda mumba.
A. vakatama B. vakarara C. vakatamba D. vapinda
24. Chenai akabvuma kutsiurwa nemurume wake.
A. akarambisia B. akaramba C. akarama D. akateerera
25. Murume wake inyope panyaya dzekurima.
A. tsvimborume B. hurudza C. harahwa D. chembere

33. Ari ikunzi ‘vene venyika ino’ ndiani kubva munyaya?

- A. Mutungamiri wenyika
- B. Vatungamiri veparamende
- C. Voruzhinji rwenyika
- D. Mapurisa

34. Ipa rimwe izwi rinoureka zvakafanana nekukakavara kubva mundima.

- | | |
|-----------------|-------------------|
| A. kutukana | B. kunetsana |
| C. kudhonzerana | D. kuita makwikwi |

SARUDZA MHINDURO YAKAKODZERA.

35. Ndiani anosarudza vanomirira mapazi ehirumende akasiyana-siyana?

- A. Vateveri vemapoka
- B. Mutungamiri wenyika
- C. Masoja
- D. Mapurisa

36. Mari yenyika yose inochengetedzwa kupi?

- A. kumusika
- B. kuchitokisi
- C. kubhengi renyika yose
- D. kuparamende

37. Kana tichienda kwazvarwa mwana mucheche tinosvikoti

- A. tisvikewo.
- B. tsvatu waro.
- C. nedzoyi.
- D. nemakorokoto.

SARUDZA IZWI RIRI MUUZHINJI PANE ANOTEVERA.

38. Rurimi

- A. ndimi
- B. marimi
- C. mandimi
- D. rurimi

SARUDZA ZVINOERA PACHISHONA PANE ZVINOTEVERA.

39. A. Kurima nesabata.

- B. Kurima nechisi.
- C. Kurima nesvondo.
- D. Kurima nekisimus.

40. A. Kuvhima papurazi semuridzi.

- B. Kudzinga makudo mumunda.
- C. Kuuraya nyoka mukadzi wako napamuviri.
- D. Kubata muramba uchiraura.

GRADE 6 EXAMINATION PRACTICE 8

CHISHONA 704/2

PEPA 2

NGUVA: AWA NEMAMINITSI MAKUMI MANA NEMASHANU

MIRAIRO KUVANYORI

- Pindura mibvunzo neChiShona chakanaka pabepa rekupindurira mibvunzo.
- Unotarisirwa kutora awa rimwe chete pachikamu chokutanga uye maminitsi makumi mana nemashanu pachikamu chechipiri.
- Pindura mubvunzo mumwe chete pachikamu chokutanga ugopindura yose pachikamu chechipiri.

CHIKAMU CHEKUTANGA: RONDEDZERO (MAMAKISI 20)

Sarudza musoro mumwe chete pane inotevera. Zvino chinyora muChiShona chakanaka, ronderedzero kana hurukuro ine mazwi **zana nemakumi maviri**. Ukarudza tsamba, mutumbi wayo, ngauve nemazwi **zana nemakumi maviri**.

1. Nyora ronderedzero pamusoro pekunaka kwenzira dzechimanjemanje dzekufambisa nadzo mashoko.
2. Nyora ronderedzero pamusoro penzvimbio imwe chete inoyevedza nekukwezva vashanyi muZimbabwe.
3. Nyora tsamba kuhama yako iri kune imwe nyika uchimuudza pamusoro pekuparara kwaita vanhu nekuda kwechirwere chedzihwamupengo.
4. Nyora hurukuro pakati patete nemuroora pamusoro pekuhengetedza utsanana munharaunda.
5. Nyora ronderedzero pamusoro pemabiko amakaita semhuri.

CHIKAMU CHECHIPIRI: NZWISO (MAMAKISI 10)

VERENGA NYAYA INOTEVERA UGOPINDURA MIBVUNZO PASHURE.

Tsaona zhinji dzinokonzerwa navanhu vasina hany'a nehupenyu hwavamwe zvakare nevanhu vanofamba vasina matsamba ekutyairisa. Migwagwa mizhinji yava makomba makomba anokonzerawo tsaona zvakare.

Vanhу vazhinji vari kudimbirirwa hupenyu hwavo panzira nekuda kwetsaona. Motokari dzinotakura vanhu mumaguta dzawandisawo zvekuti maguta mazhinji yangova mvonga mvonga mukufamba nekuda kwemishikashika. Vaya vasina matsamba ekutyairisa vanenge vachidzingiriranawo nemapurisa zvinova zvinokonzerwa tsaona mukufamba.

Hurumende nemakunzuru vava kukurudzirwa kuisa misoro pamwe chete kuedza kutsvaga matanho angabatsira kudzivirira tsaona. Kune rimwewo divi mapurisa ari kuzamawo nepavanogona kusunga nekuisawo mitemo ingabatsira kudzivirira tsaona mumigwagwa. Hupenyu hunokosha hunoda kudzivirirwa nguva dzose nekuti hunoraramwa kamwe. Vanhu vakawanda vakarasikirwa neupenyu hwavo nekuda kwevanhu vanofamba vasina matsamba akakwana. Tsaona dzakawanda dzinowanzowanikwa zvakare pamazororo enyika apo vanhu vakawanda vanenge vachifamba nzendo. Vaya vanoda kutsvaga mari neukopokopo vanotora mikana yakaita seiyi tevere kudeuka kweropa rakawanda.

Migwagwa yenyika yava midiki uye motokari dzawanda zvinovawo zvimwe vimnokonzerwa tsaona nekuparara

GRADE 6 EXAMINATION PRACTICE 10

CHISHONA 704/1

PEPA 1

NGUVA: AWA NEMAMINITSI MAKUMI MATATU

MIRAIRO KUVANYORI

- Verenga mirairo yebvunzo usati wanyora.
- Pindura mibvunzo yose pabepa rekupindurira mibvunzo.

VERENGA NDIMA IYI UGOPINDURA MIBVUNZO INOTEVERA.

Varimi vanokurudzirwa kuchengetedza ivhu ravo kubva kugukura ivhu iro rinowanzokonzerwa nevarimi vasingazivi ivo vachifunga kuti vari kubairira. Gukuravhu rinokonzera kuperara kwamadhamu uye kufushirwa kwenzizi nekuti ivhu rinenge richiyeredzwa nemvura kubva muminda yavarimi.

Varimi vazhinji vanorima mumahombekombe menzizi vachifunga kuti ndimo makaorera vasingazivi kuti vari kuparadza nharaunda. Ibasa ravanamudhumeni kupa dzidziso kuvarimi pamusoro pegukuravhu. Varimi vazhinji ndivo vanoshandisa zvireyi kutakura zvirimwa kubva muminda zvinova zvinokonzera kunyavanutswa kwevhu mvura painonaya inobva yakukura. Kuchengeta mombe zhinji munharaunda diki kunokonzera kukuparara kweuswa nemiti ivhu robva rareruka, panonaya mvura ivhu rinovala raeredzwa.

Nzvimbo zhinji dzangova makoronga nekuda kwegukuravhu varimi vachifunga kuti ijambwa redenga. Vanamudhumeni vanodzidzisa varimi nzira dzekuchengetedza ivhu dzinosanganisira dzidziso yekuchengetedza mhuka nevhu. Kusarima mujinga mehova nekurima vakachinjika muteru kwendima kunoita kuti ivhu richengeteke. Varimi vanokurudzirwa kusachengeta mhuka dzakawandisa pamafuradiki nekuti panonaya mvura nzvimbo idzi dzinenge dzareruka ivhu rinovala ratakurwa nemvura. Kusima miti nguva zhinji kunokurudzirwa chose nekuti miti ine midzi inosunganidza ivhu kuti rigare rakasimba. Kugadzira mapadhoki kunoitawo kuti mhuka dzedu kana zvipfuyo zvigtenderera zvingauraye uswa kusvika hwapera.

Zvakadaro kuchengetedza ivhu kuchetedza nhaka. Nhaka inoda kuchengetedza kuitira kuzosiira zvizukuru nezvizukuru zvichatevera ndiko kuti nyika ienderere mberi.

1. Chii chinonzi gukuravhu?
 - kunaya kwemvura
 - kuyeredzwa kwevhu nemvura inenge yanaya.
 - kutemwa kwemiti.
 - kuwanda kwemombe.
2. Varimi vanodzidzisa nezvekuchengetedza kwevhu navana
 - mukoti.
 - mudzidzisi.
 - chiremba.
 - mudhumeni.
3. Doma nzira imwe inokonzera kukukurwa kwevhu.
 - kurima mumahombekombe merwizi.
 - kufudza mombe.
 - mapadhoki.
 - kurima mumunda.

IPA TSANANGURO YAMADIMIKIRA ANOTEVERA.

36. Kufumobata jongwe muromo.
- A. Kunonoka kumuka B. Kufumomuka mangwanani-ngwanani
C. Kumuka masikati D. Kufarira kurara
37. Haana chipfuva.
- A. Anotaurisa B. Haagone kuchengetedza tsindidzo
C. Anovanza zvaanzwa D. Anogona kuchengetedza tsindidzo

IPA IZWI RINOPESANA NERAKATARWA PASI.

38. Tonderai akakanganwa kutenga munyu waakatumwa.
- A. akakoshiwa B. akarega C. akarangarira D. akaramba

SARUDZA ZVIREVO ZVAKANYORWA ZVAKANAKA.

39. A. Isu tose tava kumboenda kumba.
B. Isu tosetava kumba.
C. Isu tose tavakumboenda kumba.
D. Isu tose tava kumbo enda kumba.
40. A. Ndaneta, ndinoda kuzorora.
B. Bere rinoruta imhuka nyama.
C. Mombe anotunga nenyanga.
D. Vana vari, kuchemera amai vavo.

GRADE 6 EXAMINATION PRACTICE 10

CHISHONA 704/2

PEPA 2

NGUVA: AWA NEMAMINITSI MAKUMI MANA NEMASHANU

MIRAIRO KUVANYORI

- Pindura mibvunzo neChiShona chakanaka pabepa rekupindurira mibvunzo.
- Unotarisirwa kutora awa rimwe chete pachikamu chokutanga uye maminitsi makumi mana nemashanu pachikamu chechipiri.
- Pindura mubvunzo mumwe chete pachikamu chokutanga ugopindura yose pachikamu chechipiri.

CHIKAMU CHEKUTANGA: RONDEDZERO (MAMAKISI 20)

Sarudza musoro mumwe chete pane inotevera. Zvino chinyora muChiShona chakanaka, ronderedzero kana hurukuro ine mazwi **zana nemakumi maviri**. Ukasarudza tsamba, mutumbi wayo, ngauve nemazwi **zana nemakumi maviri**.

1. Nyora nhauro yauchataura pazuva revana iro rakakokwa vabereki wakamirira vana vechikoro.
2. Nyora detembo pamusoro pekukosha kwechisikwa chaunofarira.
3. Nyika yeZimbabwe.
4. Nyora tsamba yekutsvaga rubatsiro rwekusimudzira chimwe chezvivakwa pachikoro chenyu.
5. Nyora hurukuro pakati pemudzidzisi nemwana wechikoro akapedza svondo rose asingauyi kuchikoro.

CHIKAMU CHECHIPIRI: NZWISISO (MAMAKISI 10)

VERENGA NYAYA INOTEVERA UGOPINDURA MIBVUNZO.

3741 Glen Norah 'A'

Harare

12 Chikunguru 2021

Wadiwa Sekuru Noah

Ndafara zvikuru kukunyorerai tsamba ino. Mufaro wacho kunge wakashongedzwa namaruva.

Ndati ndikuzivise nezvekubuda munhangwa kwaLorraine mwanasikana wangu wokutanga. Akatiza mukumbo mwedzi waChikunguru mushure mokunge vawirirana nemukomana wake Tendai. Vakuwasha vakazoronga kubvisa tsvakiraikuno zvinova zvakafadza ambuya vaLorraine sezvo vari ivo vakachengeta muzukuru kusvika yava mhandara.

Lorraine akabatsirwa nemwana musikana pasina kana dambudziko. Chiri kunyanya kufadza pazvose ndecheikutu vakuwasha vakatoronga kuuya kuzoroora mumwedzi waGunyana usati wapera. Zvakadaro, sekuru muri kukokwa kumutambo uyu. Kuroorwa kwaLorraine kuri kutipa manyukunyuku nekuti kune vaitoda kuti

MHINDURO

CHIKAMU CHECHITATU

1 Nzwisiso yenzauro

1. Mutevedzeri wemukuru wechikoro ndiVaTsoko.
2. Izwi riri munyaya rinoreva munhu akadzidza zvikuru ndimuzvinafundo.
3. Dimikira rekuti ‘tsika dzinonwisa mvura’ riri kureva kuti tsika dzakanaka munyaya iyi.
4. Munyaya umu mataurwa vanhu vatanhatu.
5. Tonderai Badza ndiye akataura nhauro iyi.

2. Nzwisiso yedetembo

1. Detembo iri riri pamusoro pemvura.
2. Izwi riri munyaya rinoreva kuti mazino nderekuti meno.
3. Mvura ikasvibiswa vanhu nezvipfuyo zvinorwara.
4. Chinhu chimwe chinonwa mvura munyaya iyi vanhu/mhuka.
5. Kwanzi mvura inochengetwa mumatangi ndeyemumaguta.

3. Nzwisiso yerondedzero yetsumo

1. Tanyaradzwa aiva netsika dzakanaka.
2. Tanyaradzwa aibva kunyika yeZimbabwe.
3. Chakaita kuti tsika dzaTanyaradzwa dzisanduke kutamba kwaakanga ava kuita nemusikana wekuMozambique.
4. Shamwari yaTanyaradzwa yaibva kunyika yeMozambique.
5. Munyaya umu mataurwa vanhu vana.

4. Nzwisiso yetsamba yebasa

1. Munyori wenyaya iyi akatenga shangu.
2. Akatenga uri musi weChipiri.
3. Mukomana aitengesa muchitoro.
4. Munyori achienda kuchechi shangu yekurudyi yakatsemuka.
5. Izwi riri munyaya rinoreva zvime chete nekuti garwe nderekuti ngwena.

5. Nzwisiso yehurukuro

1. Akadzidzisa gukuravhu ndiMai Nyimo.
2. Chikonzero chimwe chete chegukuravhu munyaya umu kutema miti/kupisa sora/kurima mumahombekombe enzizi.
3. Dimikira rinoreva kutaura chokwadi munyaya iyi nderekuti, ‘wabaya dede nemumukanwa’.
4. Nhaurirano iyi yakaitwa uri musi weChishanu.
5. Izwi riri munyaya rinoreva zvakafanana nekuti bundo ndisora.

6. Nzwisiso yemhan’arwa

1. Pamba paBaba naAmal Nzira ndipo pakabiwa.
2. Mumhan’ari ainyora pakombiyuta.
3. Ranganai akaita zvinhu zvitatu zvaizobatsira kuti mbavha dzibatwe.
4. Tonderai haana kuitisa mbavha idzi nharo nekuti aiva mutsva pamba apa saka aisaziva hama dzepo.
5. Nyaudzosingwi inoreva kuenda ndihutu munyaya iyi.

Bvunzo 1: Pepa 2

Mhinduro dzinofanira kunyorwa muzirevo zvizere zvisina mhosh.

1. Dzihwamupengo / Corona virus disease 2019 / Covid-19.
2. Mukata mukata.
3. Chaiuya kuburikidza nevashanyi vaibhururuka nendege.
4. Kunyonganisa kudyidzana kwenyika dzepasi rose.
 - magariro evanhу munyika.
 - kufamba.
 - dzidzo.
 - mabasa.
 - tsika nemagariro.
5. kubaiwa majekiseni.
 - kusafamba.
 - kusamhorosa noruoko.
 - kusambundirana.
 - kuvhara muromo pakukosora.
 - kusarasira zvashandiswa pose pose.
 - kugeza maoko nesipo.
 - kuzora mushonga unouraya utachiona.
 - kufukira mumvura yakavira.
6. Dzihwamupengo chirwere chinopomerwana nokungofamba, kuungana, kumhoresana nemaoko, kukosora muromo usina kuvharwa nekubata zvashandiswa nemurwere. Chinoonekwa nekurwadziwa nemusoro, pahuro, kutsva nokufemera pamusoro. Kuchidzivirira, kubaiwa majekiseni ekudzivirira, kusaungana, kugeza maoko nekupfeka mamasiki. Dzihwamupengo rakaparadza tsika nemagariro evanhу.

Bvunzo 2: Pepa 2

Mhinduro ngadzinyorwe muzvirevo zvizere zvisina mhosh.

1. Rukudzo.
2. Mbuya utano muvakidzani aive pamudyandigere.
3. Akanga afa.
4. Manonwe.
5. Nhamo yainge yarohwa neshamhu.
6. Kubva zvakaziva Rukudzo zvokuraswa kwake namai uye kusazikanwa kwababa vake zvakamushungurudza. VaMuchena vaimuchengeta havana kufadzwa nokuita kwemuvakidzani, vakapinda basa rokunyaradza Rukudzo kuburikidza nokumuendesa kuunivhesiti kunodzidzira uchiremba. Akachengeta chirikadzi iyi zvinofadza, ikazochengetawo vana vaRukudzo mushure mesvitsa.

Bvunzo 3: Pepa 2

Mhinduro dzose ngadzinyorwe muzvirevo zvizere zvisina mhosh.

1. Dunhu raShe Mutasa.
2. She nemachinda ake.